

# APRÈ TANPÈT LAN: PREVANSYON BLESE

Yon terib tanpèt kapab kite plizyè pwoblèm lè li finn pase. Medya a toujou plen avèk istwa moun ki blese aprè tanpèt lan finn pase. Pa tounen yon estatistik.

- **Suiv lòd** nenpòt ki pèsonèl sèvis emèjennsi
- **Kondui avèk prekosyon.** Pa kondui nan mitan wout ki inonde yo. Dlo an kapab pi fon ke jan li parèt lan
- **Mete yon jilè sovtaj si ou prè dlo.** Nan ka ou dlo inondasyon an ta va monte, timoun avèk granmoun ki pa konn naje yo ta dwe mete jilè sovtaj gad kot Etazini apwouye yo - aparèy flotezon pèsonèl (PFD) - nenpòt kilè yo ta nan dlo oubyen bò kote dlo. Tout moun, menm moun ki konn naje yo, ta dwe mete yon PFD gad kot apwouye yo lè yo nan yon bato ki itilize an tan ke reskous oubyen sovtaj. Chwazi PFD pou pwa avèk tay moun nan (ki enprime sou etikèt lan)
- **Fè atansyon avèk kab kouran lach oubyen ki pral kase yo.** Rete Iwen yo epi bay rapò imedyatman sou yo a otorite konsène yo
- **Pa kite timoun yo san siveyans.** Pa kite yo jwe anndan kote yo oubyen ale eksploré dega oubyen kote ki inonde yo. Mete pwodui chimik nou itilize pou netwaye epi dezenfekte yo, gaz pou jeneratris lan avèk sibtans pou touye bêt nuizib yo kote timoun pa ka jwenn yo
- **Mete soulye solid oubyen bòt avèk rad ki kapab pwoteje w'**, tankou gwo pantalon, rad manch long avèk gan, lè n'ap netwaye dekom yo
- **Itilize yon pwodui pou elwaye ensèk yo ki genyen DEET** pou redui risk maladi ke marengwen yo kapab transmèt, tankou virus Nil oksidental lan avèk ansefalitis chwal Lwès lan. Ensèk tankou myèl avèk gèp kapab vinn trè agresif aprè yon loraj. Enspekte zòn nan anvan nou kòmanse netwaye epi itilize yon pestisid ki disponib pou nou achte si gen bezwen
- **Fè atansyon avèk sèpan yo.** Yo menm tou, pèdi kay natirèl yo donk nou ka jwenn yo kèk kote yo pa ta dwe ye nòmalman
- **Fè atansyon bò kote bêt domestik yo.** Bèt yo kapab vinn pè epi yo pran aji dwòl aprè yon loraj. Fè atansyon lè n'ap okipe nou de bêt domestik yo tankou chyen avèk chat, espesyalman sa nou pa konnen yo, epi evite nenpòt ki kontak avèk bêt sovaj yo
- **Pa ale boule.** Si w'ap itilize recho oubyen dife pou fè manje, fè atansyon pou w' pa boule
- **Pwoteje zye w' yo.** Asire w' ke w' mete yon bagay pou pwoteje zye w' si w'ap itilize machin pou siye yo. Gade ki kote w' prale - yon loraj kapab mete kèk materyèl nan nivo zye nou ki kapab danje
- **Pran prekosyon patikilye lè w'ap itilize zouti elektrik yo oubyen okipe gwo dekom**, ki kapab deplase yon sèl kou. Machin pou siye yo patikilyèman danje; chèche genyen bon jan aprantisaj sou sekirite anvan ou itilize youn. Endividé ki pa genyen eksperyans yo sistematikman blese lè yo pran itilize machin pou siye yo nan netwayaj aprè loraj yo. Tonbe yo kouran; itilize ekipman de sekirite epi jwenn èd ki antrene pou djòb ki anpil epi difisil yo. Pa pran chans
- **Si kouran elektrik lakay ou an ale** epi w'ap fè manje sou chabon bwa oubyen griy ak gaz, **monoksid kabòn se yon menas.** Itilize yon griy sèlman nan yon kote ouvè, kote lè byen rantre, jamè anndan kay la, epi mete li lwen materyèl ki kapab pran dife yo. Yon gaz ki pa gen sant, ki pa gen koulè ke dife an pwodui, monoksid kabòn kapab mòtèl
- **Gaz echapman jeneratris ki itilize gazolin yo** se yon lòt sous anpwazònman pa monoksid kabòn. Pa janm itilize yon jeneratris nan yon kote fèmen, tankou bezment oubyen garaj. Asire w' ke ase lè kapab rantre kote a, kote a sèch epi kouvri



• **Jeneratris yo tou kapab koze danje elektrik.** Pa konekte jeneratris lan nan sistèm elektrik lakay ou an. Olye sa, konekte aparèy yo dirèkteman nan jeneratris lan avèk alonj polarize yo ki genyen bon tay lan. Pa twò chaje jeneratris lan oubyen alonj yo, epi mete alonj yo kote pyès moun p'ap vinn manke tonbe sou yo. Asire w' ke jeneratris lan byen chita, (swiv enstriksyon fabrikan yo). Anvan w' remete gaz ladan l', kite motè an poze pou pi piti de minit pou evite dife. Sere rès gaz lan nan yon kote ki si, epi sèch

• **Si w'ap retounen nan yon kay ke loraj lan andomaje,** fè patikilyèman atansyon. Anvan nou rantre nan batiman an, cheke si genyen domaj pou nou ka si ke li p'ap tonbe. Fèmen tout liy gaz yo ki deyò yo nan kontè a oubyen nan tank lan epi kite kay lan respire pou kèlke minit. Menm si pa ta gen kouran nan vwazinaj lan, asire w' ke kouran elektrik lan fèmen nan disjonktè prensipal lan oubyen nan bwat fizib lan. Kouran avèk dlo se yon konbinezon danre - si w' gen pou w' mete pye w' nan dlo pou w' ka rive bò bwat disjonktè an, rele yon elektrisyen pwofesyonèl anvan pou konsèy. Pa limen okenn limyè, aparèy oubyen sistèm gaz jiskaske yo teste. Si w' ta dwe rantre nan kay lan pandan lannuit, itilize yon lanp ki fonksyone avèk pil kòm etan sous limyè, jamè yon dife, epi pa fimen

• **Si kay lan te inonde,** kab elektrik yo avèk aparèy yo ta dwe netwaye epi seche konplètman, anndan kou deyò, anvan nou kapab itilize yo an tout sekirite ankò. Kontakte konpayi kouran elektrik ou an oubyen yon elektrisyen pwofesyonèl pou konsèy

• **Si w' genyen pwòp pui prive w',** asire w' ke w' fè yo teste li anvan w' retounen itilize li aprè inondasyon an

## PLIS ENFÒMASYON

 [preparedness.health.maryland.gov](http://preparedness.health.maryland.gov)

 [facebook.com/MarylandOPR](https://facebook.com/MarylandOPR)

 [twitter.com/MarylandOPR](https://twitter.com/MarylandOPR)

 [health.maryland.gov](http://health.maryland.gov)

 [facebook.com/MarylandDHMH](https://facebook.com/MarylandDHMH)

 [twitter.com/MDHealthDept](https://twitter.com/MDHealthDept)

*Information is courtesy of the North Carolina Department of Health and Human Services Division of Public Health 'i Occupational and Environmental Epidemiology Branch, <http://epi.publichealth.nc.gov/oee>.*



MARYLAND DEPARTMENT OF HEALTH  
Office of Preparedness  
and Response

Updated 04/2019